

Incroyable

Harmonik

Ou ka wè tout je brake sou ou
Jan tout gason vle goute myèl ou
Menm femèl vle vin fèw la cou
Gen sa ki kanpe au jalou
Ou met tout moun nan on gadavou
Pèsonn pa ka fè demi-touChak fwa w ouvè bouch ou pou pale
Ou ka wè jan tout moun ap tandé
Aswè a la se ou ki rèn
Ou merite yon gwo kout amèn
Ay ou mete lòt yo nan lapènOu son pwoblèm ki pa gen solisyon
Ou son powèm ki chaje emosyon
A l'instant même se tout moun ki sou tansyon
Ou fè lezòm wè ak zorèy yo
Ou fè lafam tandé ak zye yo
Incroyable sa k ap pase laPou bote te ka egziste
Yo di m se sou ou yo te kopye
Yon sekrè moun pap ka konprann
Ou son dife pa janm fè sann
Ay lèw nèg gadew li pap sispannOu son pwoblèm ki pa gen solisyon
Ou son powèm ki chaje emosyon
À l'instant même se tout moun ki sou tansyon
Ou fè lezòm wè ak zorèy yo
Ou fè lafam tandé ak zye yo
....Solo....
Incroyable se sèl mo mwen jwenn poum ka dekriw
Incomparable, cette vérité est bonne à diw
Map veyew lontan sa, mwen te kache sa
Map viv ak yon espwa, yon jou pou'm devwalew sa
Ou son fenomèn ke mwen pa ka eksplike
Ou son eksepsyon nan tout règ ki existe
Ou son fenomèn ke mwen pa ka eksplike
Ou son eksepsyon nan tout règ ki existeIncroyable se sèl mo mwen jwenn poum ka dekriw
Incomparable, cette vérité est bonne à diw
Map veyew lontan sa, mwen te kache sa
Map viv ak yon espwa, yon jou pou'm devwalew saOu son fenomèn ke mwen pa ka eksplike
Ou son eksepsyon nan tout règ ki existe
Ou son fenomèn ke mwen pa ka eksplike
Ou son eksepsyon nan tout règ ki existeSandoudou, pou kiyès fanm sa a yeFanm sa a pa pou
vakabon GuitarFanm sa a pa pou vakabon

